Нобэ Урысей Печатым и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№2 (23.160) • 2016 гъэм щІышылэм (январым) и 13, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и печатым и лэжьакІуэхэм ЯХУЭГЪЭЗАУЭ

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи Іэщ-Іагъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэмкІэ - Урысей Печатым и махуэмкІэ.

Къыпхуэмылъытэну инщ печатым щіыхубэм я гъащІэм щигъэзащІэ къалэнымрэ абы и мыхьэнэмрэ. Журналистыр Іэхуэм зэрыбгъэдыхьэм, абы псалъэр тэмэму къызэригъэсэбэпым куэдкІэ ельытащ республикэм, къэралым щекІуэкІ Іэхуэхэр нэфІ-ней хэмылъу икІи Іупщіу къэгъэлъэгъуэ хъуныр. Мы зэманым республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я редакцэхэм иджырей хъыбарегъащІэ технологиехэр, тхыгъэ гъэпсыкІэщІэхэр къагъэсэбэпу, я Іэщ-Іагъэм хуэІэкІуэлъакІуэу мэлажьэ икІи езым яхуэфащэн лэжьыгъэ халъхьэ ди щіыхубэм я зэхэщІыкІыр тэмэму унэтІыным. Щэч къытесхьэрэкым ахэр дяпэкІи щіыхубэр зэкъуэгъуэвэным жыджэру зэрелэжьынум икІи ди республикэм, зэрыщыту Хэкум я сэбэп зыхэлъхэм хуэпэжу зэрекІуэкІынум.

Журналистхэм, республикэм и печатым и лэжьакІуэ псоми си гуапэу сохъуэхъу творческэ ехьулІэныгъэхэр, узыншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

КІУЭКІУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КъБР-м и Іэтащхьэр Тэрч къэзакъхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым хуэзащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Тэрч къэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Журавский А. В.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэзакъ зэгухьэныгъэхэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэ ди щІыналъэм щыІэным, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри гъэбыдэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я щіыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ 2016 гъэр тхакІуэм и илъэсу ди лъэпкъэгъуэхр щіыпсэу щІыналъэхэм щыгъэувыным теухуауэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Іакі уэ гупым и зэхуэсым къыщащта УНАФЭ

2015 гъэ, дыгъэгъазэм и 18

ДАХ-м и Гъэзэщ Іакі уэ гупым УНАФЭ ещІ:

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфіыщ Іэ Мухьэмэд Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я щіыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ 2016 гъэр тхакІуэм и илъэсу ди лъэпкъэгъуэхр щіыпсэу щІыналъэхэм щыгъэувыным теухуауэ жиІар дэІыгъын, 2016 гъэр Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и илъэсу гъэувын.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий

Налшык къалэ

Фи къалэмыр мыубзэщхъуну!

Урысей Печатым и махуэр щІышылэм и 13-м ягъэлъапІэ. Интернетым дунейр зэщІиштами, нобэ къыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ ди гъащІэм хэмыту нэгум къыщІэгъэхьэгъуейщ. Урысейм апхуэдэ къыдэкІыгъуэхэр къызэрыщыу-нэхурэ куэд дыдэ щІауи пхужыІэну-къым - илъэс 300-м щІигъуауэ араща, 1703 гъэм, Петр Езанэм ищІа унафэм ипкъ иткІэ, зэтраухуауэ щытащ ялэ дыдэ урыс газетыр - «Ведомости»-р - къыдэгъэкІыныр. Абы и ялэ номерыр дунейм къыптехьащ щІышылэм и 13-м икІи араща Печатым и махуэр абы техуэу щІагъэлъапІэри.

19-нэ лІэщІыгъуэм ихуэкъм ди къэралым къыдэкІыгъуи 100-м нэблагъэ щыІэзэІуэват. Ар газетхэм я закъуэтэкъым, атІэ щІэныгъэ-публицистикэ, литературэ альманаххэр, жылагъуэ-политикэ, экономикэ, техникэ къыдэкІыгъуэхэр дунейм къытехьэрт, уеблэмэ, модэм теухуа журнали къыдагъэкІыу щІадзат. Тхыдэм къыхэщыжу дыщыгъуазэщ а лъэхъэнэм нэхъ щІэрыІуэу къыдэкІыу щытахэм: «Вестник Европы», «Северная пчела», «Московский телеграф».

1913 гъэм махуэ къэс къыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я бжыгъэр 400-м щынэсащ ди къэралым, абыхэм я тиражхэр ин дыдэт, къищынэмыщІауэ, тхьэмахуэм зэ фІэкІа къыдэмыкІэрэ 2500-рэ хъурт. Хуабжьу гъэщІэгъуэнщ махуэм тІэу къыдэкІ урысей газетипщІ зэрыщыІар. ЦІыхухэм хъыбарыщІэхэр и чэзум яІэрыгъэхьэным папщІэ къагъэсэбэп Іэмалт ар. Большевикхэм я газет нэхъыщхьэ «Правда»-ри революцэм и пэкІэ зэрыдэкІыу хуежьащ. Абы и ялэ номерыр дунейм къытехьащ 1912 гъэм нэкъыгъэм и 5-м. Абы ипкъ иткІэ, СССР-м Печатым и махуэр щагъэлъапІэу щыщытар накъыгъэм и 5-рщ.

Щіышылэм и 13-м Печатым и махуэр ягъэлъапІэу щыдэхуар 1991 гъэрщ. Ди лъэхъэнэм журналист Іэщ-Іагъэм пэрыт щіыху мин бжыгъэхэм я махуэшхуэщ ар. Нобэкі э журналистикэм нэхъ иныжу зиубгъуащ. А махуэр зейр тхьапІыкІэм тедза къыдэкІыгъуэхэр зыгъэхьэзырэм я закъуэкъым, атІэ виртуальнэу къыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакІуэхэри къыззэщІеубыдэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иджыпсту Интернетым политикэ, жылагъуэ, щІэныгъэ, публицистикэ къыдэкІыгъуэу итыр нэхъ мащІэкъым, тхылъымпІэм тедзауэ къыдэкІхэм нэхъри. Сыт хуэдэ Іэмалыр къыхихыными хуитщ иджы щіыхур, нэхъыщхьэр абыхэм хъыбарыщІэхэр и пІалъэм яІэрыгъэхьэнэр, гъащІэм къыкІэрымыхуу псэуныр къыззэгъэпэщ, зи Іэщ-Іагъэр фІыуэ зыльгъэу журналистыфІхэр зэрымымащІэрщ.

Печатым и махуэр зэхьэлІа дэтхэнэми дохъуэхъу узыншэу, гукъуэгъэншэу, хъыбарыфІкІэ щіыхухэм яхуэупсэу, я къалэмыр мыубзэщхъуу куэдрэ лэжьэну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэр республикэм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакІуэхэм Печатым и махуэмкІэ йохъуэхъу

Журналистым и лэжьыгъэр тыншкъым икІи абы жэуаплыныгъэшхуэ пылъщ - а лэжьыгъэм жылагъуэ гупсысэкІэр зэтрегъэувэ, щіыхум я щэнхабзэр, щІэныгъэр, зэхэщІыкІыр къеІэт, республикэм исхэм я псэукІэр нэхъ купщІафІэ ещІ. Фи Іэщ-Іагъэм фызэрыхуэлэкІуэлъакІуэм, зэфІэкІ зэрывбгъэдэлъым папщІэ фІыщІэ ин фхудощІ.

Ди гуапэщ адэкІи фи зэфІэкІым хэвгъэхъуэну, фыщылажьэ Іуэхущ Іапі эхэм зевгъэужьыну, щіыхухэм къыфхуащІ пщІэр нэхъ ин хъуну. Фи тхыгъэхэм еджэхэм фафІэхьэлэмэту адэкІи фыщыт!

Лэскэндэсхэм Илъэсыщ Іэр ягъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ щІыпІэми хуэдэу, Лэскэн муниципальнэ щІыналъэми Илъэсыщ Іэр гъэлъэпІэным гуфІэгъуэ зэхьихьэхэр щращ Іэкі ащ.

САБИИ балигъи телъыджэ щыпэплъэ Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу гупытІэ хуэныкъуэхэм япэІэбэныр и чэзу дахэщ. Апхуэдэ Іуэху гуапэкІэ ирагъэжьащ Илъэсыщ Іэр гъэлъэпІэным теухуауэ Лэскэн щІыналъэм щрагъэкІуэкІыну яубзыхуэ зэхьэхэр. Бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм я кьахэІахэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщІэ Анзорей къуажэм Щэнхабзэмкі э и унэм Илъэсыщ Іэ зэхьэхэр гукъинэжу икІи нэгузыужьу щІэзэхашащ. Арщыдан къуажэм апхуэдэ гупытІэ щыхуащІащ, зи узыншагъэм ныкъуэныгъэ иІэу щІыналъэм ис сабии 150-м. Уэрэдхэм, къафэхэм, театр теплъэгъуэхэм сабийхэм дэрэжэгъуэ иратащ икІи дэтхэнэми тыгъэ хуащІа саугъэтым нэжэгужэ ищІащ. Дауи, уасэншэт цыкІуэхэр зэрагъэгуфІамрэ зэрагъэгушхуамрэ!

Хабзэ дахэ хъуауэ, Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу Лэскэн щІыналъэ администрацэм и лэжьакІуэхэр бынунагъэушхуэхэм я деж кІуэурэ гупытІэ хуащІ, саугъэтхэр хуахь. Мы гъэм чэзур яІысащ Къардэнхэрэ Къэжэрхэрэ я унагъуэхэм ящІыщ сабийхэм.

ЩІыналъэм дэт куэрыт еджэлІэхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ щагъэувэ псейхэм, гъэ хъэси хуэдэу, гуфІэгъуэ зэхьихьэхэр хуэзхашащ. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я Іэусэу сабийхэмрэ ныжьыщІэхэмрэ Илъэсыщ Іэ уэрэдхэр жаІащ, къэфащ, джэгуащ, тарыхъым кьыхэщ Іыхьужьхэм я нэгу зрагъэужьащ, театр теплъэгъуэ кІэщІхэр ягъэлъэгъащ. Районым и щІэлэгъуалэм папщІэ Анзорей Щэнхабзэмкі э и унэм къыщыззрагъэпэща «Новогодний огонёк» пшыхьыр щІэщыгъуэ, нэгузыужь хуащ. ЩІыналъэм и адрей къуажэхэм щІэзэхэта Илъэсыщ Іэ пшыхьэми цІыхухэм гукъинэжу зыщагъэпсэхуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Зыплъэхьакі уэр нэщхъеягъуэкі э иухащ

Истамбыл и утыку нэхъыщхьэм, Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и сулътІану щыта Ахьмэд І и цІэр зезыхьэм, дыгъуасэ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-м (я щІыпІэ зэманымкІэ) теракт щалэжьащ - лагъым зыкІэрыщІа цІыхум зыкъигъэуэжащ.

А гузэвэгъуэм хэкІуэдащ утыку цІэрыІуэм зыщызыплъыхьыну кІуа цІыхуипщІ, 15 уІэгъэ хъуащ. Тыркум и цІыхухэм я мызакъуэу абыхэм куэду яхэтщ нэгъуэщІ къэралхэм икІа туристхэр.

«ЩІэпхъаджагъэр зылэжьар Сирием щыщ, илъэс 27-рэ зи ныбжь цІыхухъущ. ХэкІуэдахэм ящыщу бгъур Германием щыщщ, уІэгъэ хъуахэм я нэхъыбэр Норвегием икІат, зыр Корее Ипщэм и цІыхущ», - къажриІащ журналистхэм Тыркум и вице-премьер Куртулмуш Нуман.

Къэралым и премьер-министр Давутоглу Ахьмэт теракт нэужьым пІащІэ-гъуэкІэ зэхуишэсащ щынагъуэншагъэмкІэ советыр. Зэхуэсым хэтащ министрхэр, хабзэхъумэ, тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэр. Абы зэрыщыжаІамкІэ, а щІэпхъаджагъэр «Исльам къэралыгъуэм» зэриІэужьым шэч кьытумыхьэми хъунущ.

Къэхъуар езыхэм я деж щамыгъэхъыбармэ нэхъ къащтэ Тыркум и унафэщІхэм. ЩынагъуэншагъэмкІэ советым и зэІуІущІэм унафэ щащІащ терактым теухуа хъыбарыщІэхэр телевиденэкІи радиокІи я деж къыщамытыну, интернеткІи зэбграмыгъэхыну. Ауэ хъыбарегъащІэ технологиехэр щылъэщ дыдэ мы зэманым ар пхуэзфІэкІыну фІэщщыгъуейщ.

Хабзэщ Іэхэмкі э зэрымыарэзым къыхэкІыу

Цыху минхэм я узыншагъэр къэпщытэнри миниплІыр операцэ щІынри Инджылызым щагъэІэпхъуэн хуей хуэущ, къэралым и дохутырхэм я лэжьыгъэр зэрызэпагъэуам и зэранкІэ.

Къэралым узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм зэхилъхьа контрактыщІэм къыщыгъэлъэгъуахэрщ дохутырхэм ягу темыхуар. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, я лэжьыгъэкІэ къалэн къыщащІхэмрэ абы пэкІуэну пщІэмрэ зэрызэхуэмыхьурщ.

Инджылызым и премьер-министр Кэмерон Дэвид дохутырхэм я лэжьыгъэр зэрызэпагъэуар икъукІэ узыгъэгъазвэ Іуэхуу кьиІытащ.

«А лъэбакъуэр Іэмалынщэу щыттэкъым икІи дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ ЦІыхухэм я деж кІэ шынагъуэшхуэ зыпылъщ. Іуэхум нэгъуэщІ хэкІыпІэ къыхуэбгъуэтыфынут. Апхуэдизу дохутыр зэуэ лэжьапІэ къыдэмыкІыным сымаджэхэм я зэран къыхэмыкІынкІэ Іэмал иІэкъым», - жиІащ правительствэм и унафэщІым икІи дохутырхэр къыхуриджащ я Іэнатіэхэм икІэщІыпІэкІэ пэрыуэжьыну.



♦Урысей Печатым и махуэщ, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ.

♦1703 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ къыдэкІащ «Ведомости о военных и иных делах» урысейпсо газетым и ялэ номерыр.

♦1830 гъэм «Литературная газета» газетым и ялэ номерыр къыдэкІащ.

♦1872 гъэм Урысейм лэжьэн щыщІидзащ дуней щытыкІэм кІэлъыплъ Іуэхущ Іапі эм.

♦1874 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр II къыдигъэкІащ «Дзэм къулыкъу щыщІэным теухуа Уставыр». Зи ныбжьыр илъэс 21-рэ ирикъуа цІыхухъум абы къалэн щищІырт къэралым къулыкъу хуищІэн хуейуэ.

♦Физик цІэрыІуэ, СССР-мрэ Украинэмрэ щІэныгъэхэмкІэ я академиехэм я академик Лифшиц Илья къызэраІухурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрдокъуэ Женя** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Апексимовэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэр Тэрч къэзакъхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым хуэзащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Тэрч къэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Журавский А. В.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэзакъ зэгухьэныгъэхэм я хабзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэ ди щІыналъэм щыІэным, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри гъэбыдэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Кином и илъэс

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ 2016 гъэр Кином и илъэсу ягъэуващ. Абы теухуауэ екІуэкІыну Іуэхуэхр зыубзыхуну къызэгъэпэщ-щакІуэ комитетым хэтщ къэрал унафэщІхэри. Кином и илъэсыр зэрырагъэкІуэкІынум теухуат Кинематографистхэм я союзым и зэІущІэу 2015 гъэм и кІэм зэхэтари. Абы щытепсэлъыхьащ ди къэралым щытрах кином зеГъэужьыныжмкІэ, хамэ щІыпІэхэми щІэупщІэ щІэныгъэмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, жылагъуэм абы щиІыгъ увыпІэр егъэфІэкІуа зэрыхъунум, нэгъуэщІхэми.

КИНОМ и тхьдэм зыщыбгъэгъуазэмэ, ар къыщыунэхуауэ къалъытэр 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-рщ. А махуэм Париж къалэм и Капуцинок бульварым тет кафем Люмьер зэкъуэшхэм трахауэ дуней псом щыяпэ дыдэу щагъэлъэгъуауэ щытащ «Прибытие поезда на вокзал Ла Сьота» фильм кІэщІыр. Урысейм япэу кино щыщагъэлъэгъуар 1908 гъэм жэпуэгъуэм и 15-рщ. Абы щагъуэм утыку кърахьауэ щытащ режиссёр Ромашков Владимир и «Понизовая вольница» фильмыр. Дакъикъи 8-кІэ екІуэкІа а фильмыр Разин Степан теухуа цІыхубэ уэрэдым къытращІыкІат. Абдежым щегъэжьауэ урысей кинематографием зиужьурэ гъуэгуанэшхуэ къызэпичащ.

Техникэ и лъэныкъуэкІэ нобэ кинематографием и зэфІэкІым фІыуэ хэхъуащ, фильмхэри зэщхьэщокІ жанр зэмылІэужьыгъуэу: щІэныгъэ, документальнэ, публицистикэ, художественнэ. Кином ди гъащІэм щиубыд увыпІэр кІуэ пэтми нэхъ льагэ зэрыхъум и щыхьэтщ Іэтауэ ирагъэкІуэкІ дунейпсо кинофестивалхэр: «Золотая пальмовая ветвь» (Канны), «Берлинале» (Германие), «Оскар» (США), нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу къэрал къэс езым я лъэпкъ кинематографым и махуэ ягъэуващ. Псалъэм папщІэ, Урысейм и Кином и махуэр щыщхьэУІум и 27-м ягъэлъапІэ.

Ди къэралым и мызакъуэу, дунейпсо кинематографием и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэр хуэзыщІа цІыху щ,дж,щ,щхэр къахэкІащ адыгэ лъэпкъми. Апхуэдэхэщ Вэрокъуэ Владимир, Къандур Мухьэдин, Жылатэж Сэлэдин, КІыщокъуэ Алим, Анзор Нэжэт, Шорэ Туркан, КІуэкІуэ Тамарэ, Тамбий Жаннетэ, Мысостышхуэ Пщыззбий, Хьэмыку Жаннэ, Фырэ Руслан, Къумахуэ Мухьэдин, ТІыхъужь Алий, Жэман Іэминэ, Фахъ,рединэ Марьям, Абазэ Рушди, Мэзхэр Ахьмэд, Мамбэт Аслъэн, Багъ Саид, Акъ Мухьэрбэч, Шорэ Нэзан, Фейруз, Шыбзыхъуэ Басир, ЖьакІэмыхъу КІунэ, Хьэжкъасым Хьэсэн, Мулай Барэсбий, Бэч Аззмэт, Хъыжьрокъуэ СулътІан сымэ, нэгъуэщІхэри.

1938 гъэм трахауэ щытащ «Къэбэрдейм щыщ шууей» фильмыр. Ар теухуат шы гъэхъуным фІыуэ хэзыщІыкІ Хьэмгъуокъу Барэсбий. ЕхъулІэныгъэшхуэ иІауэ щытащ 1958 гъэм КІыщокъуэ Алимрэ Крепс Владимиррэ я сценарийкІэ траха «Бгы кІуэгъуэр» фильмым.

Ди республикэм и кинематографиер зэрызэфІэувэн и щыхьэтщ Вэрокъуэ Владимир и фильмхэр. А унэтІныгъэм зыужьыныгъэхэр зэрыщыдиІэм и щыхьэтщ иджыблагъэ екъулІэныгъэ иІэу ди къэралым и щІыпІэ куэдым щагъэлъэгъуа, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ипщэ республикэхэм щыхъ зиІэ я артист Хьыжьрокъуэ СулътІан триха «По небу босиком» фильмыр. Республикэм и кинематографием хэлъхьэныгъэфІхэр хуащІыну дащоугуГъ УФ-м гъэузджэхэмкІэ щІыхь зиІэ, кинорежиссёр, сценарист цІэрыІуэ Сокуров Александр и гъэсэнхэми.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Нобэ

♦Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Уэрдокъуэ Женя** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Апексимовэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущ Іыгъэ:

Куэд къыуб жмэ, уи тхьэмадэжь и цІэри къыхэхуэнщ.

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хагъэхьэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ ящыщ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 22-нэ, 23-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэгъэхьэн **Джаппуев Мусса Хьисэ и къуэр**.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хуегъэжьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№386-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм я щытыкІэм, ахэр зыхэт гугъуехьхэмрэ заужьыныкмкІэ хэкІыпІэхэмрэ ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и Унафэ

2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м *Налшык къалэ* *№529-П*

«Комитетым хухаха зэманым» хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэкабзэмкі, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Пащты Б. С., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къэзанш Л. Б. сымэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я щытыкІэм, ахэр зыхэт гугъуехьхэмрэ заужьыныкмкІэ хэкІыпІэхэмрэ ятеухуауэ кІыхьалъхьа информацэм едэІуауэ иКІи тепсэлъыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым мы къыкІэлъыкІуэхэр кьеГъэлагъуэ.

ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэблагъэкІыным пыщІа Іуэху нэхъыщхьэхэр Урысей Федерацэм Іэщ1эльщ. Абы хуэгъэза зыхуэфащэ хабзэ мардэ зэмылІуэжьыгъуэу 1991 гъэ лъандэрэ 300-м щІигъу къащтащ. ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэблэгъэкІынымкІэ увыпІэ нэхъыщхьэр иІыгъщ «ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Законым. Абы пкегъэкІ икІи зрегъэубгъу цІыхубэ информацэм и щхьэхуитыныгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и Конституцэм къыщыгъэльэгъуахэм. Информацэмкіэ хуитыныгъэм теухуа хабзэ нэхъыщхьэхэм цІыхум, гражданиным и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэрагъэпэщ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэр кьызэІуэзыхьахэм, редакцэхэм, журналистхэм я правовой щытыкІэм и мардэхэр яубзыху, цензурэ щыІэ зэпымыхьунур кьагъэльагъуэ.

2015 гъэм и фокІадэ маэзм Связым, информацэмкІэ технологиехэм, цІыхубэ коммуникацэхэм я Інатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущіапіэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы Іэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІынальэм щылажьэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ и реестрым цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэу 53-рэ иташ, абыхэм ящыщу 14-р къэралым ейуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, республикэм и къэрал цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм лэжьыгъэшхэу ирагъэкІуэкІ нэхъ мыхьэнэшхэу зиІэ Іуэхуу республикэм, щынальэ зэхуакуэм щекІуэкІхэр информацэкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ. ФІыкІэ кьыхэбгъэщ хъунущ материалхэр зэманкІэ кьыкІэрымыхуу утыку къралъхьэу зэрыхуежьар, нэхъ социальнэ мыхьэнэшхэу зиІэ псалъэмакъхэм, абыхэм республикэм и цІыхухэм я псэукІэри хиубыдэу, нэрылъагъуу зэрызрагъэубгъуар. Дэтхэнэ Іуэхури зыхуэфащэ рубрикэм щІэту утыку къралъхьэ.

«Къэрал властым и органэхэм я лэжьакІэр къэралым Іэщ1эльэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къызэрыщагъэльагъуэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым къызэригъэувымкІэ, къэрал властым цІыхубэ коммуникацэхэм егъэщІылІа и уполномоченнэ органым и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къэрал властым и органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр и зэманым нэгъэсауэ икІи тэмэму цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къыщыгъэльэгъуэныр.

2015 гъэм и пэщІэдзэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я лэжьакІэм теуха материалу къэралым Іэщ1эльэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм 3607-рэ кьытрадзащ. А зэман дыдэм кьыриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ печатымрэ электрон щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэмрэ кьытехуар 750-м ноблагъэ.

А псоми кьадэкІуэу къэгъэльэгъуапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьадэгъуэгурыкІуэ гугъуехьэу мы Інатіэм куэд зэрыщызэтрихьар. Уегъэлейтей къэралым властым и органхэр, щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органхэр, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэр информацэм и лъэныкъуэкІэ нэгъэсауэ тэмэму зэдэлажьэу зэрыщымытым, жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиІэ информацэр утыку къралъхьэн папщІэ журналистхэм зэран кьахуэхьу лъэпощхьэпохэр зэрыщІэным, суткэ кьэс телевиденэмрэ радиомрэ эфирым зэрыщылажьэ зэманыр зэрымащІэм, Інатіэм и щылэжьэну Іэщ1агъэпІэхэр хабзэ пыухыкІам тету зэрамыгъэхьэзырым, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм а Іэщ1агъэм хуеджауэ куэд зэрахэмытым.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа ныкъусаныгъэхэр дэгъэкІа зэрыхъунур куэдкІэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Информацэм и Інатіэм» 2013 - 2018 гъэхэм ятеухуа и къэрал программэм (адэкІэ - Программэ) «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэмрэ тхьыльтедзапІэхэмрэ защІэгъэкъуэнырэ икІи абыхэм зегъэужьыныр» и программкІэ къуэдзэм кьыщыгъуэвахэр зэрагъэзащІэм. Ауэ Программэр гъэзэщІэным иджыпсту хухах ахъшэр зыхуриКуэр фІэкІыпІэ зимыІэ экономикэ, къызэгъэпэщыныгъэ, техническэ, егъэджэныгъэ Іуэхукіэр.

Нобэми гугъуехь хэхащ къэралым Іэщ1эльэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэр мылъку-техникэ лъэныкъуэхэмкІэ и зэманым кьызэгъэпэщныр. Къэралым Іэщ1эльэ республикэ телевиденэмрэ радиовещанэмрэ кьызэтегъэзэнэныкІэ, абыхэм адэкІи зегъэужьыныкмкІэ Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ «Программэхэр кьызыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал кІэзоиэ Іуэхущіапіэр (адэкІэ - «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал кІэзоиэ Іуэхущіапіэщ) зэрылажьэ технологиер къэгъэлъэрэщІэжыныр, абы езым игъэхьэзырурэ махуэ кьэс кьит программэхэм зегъэубгъуныр.

Республикэм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьахьыну сэбэпынагъыр зыхуэдизыр иджыпсту кьызэрыщІэ имыІэу пыщІащ а Інатіэр ахъшэкІэ кьызэрызэрагъэпэщым. ХъыбарегъащІэ Інатіэм ахъшэр ириКуу зэи кьыщыхуамыутІыпщым и дэж лэжьыгъэр тэмэму зэтебгъэувэну, иджыпсту зэманым кьызэригъэувым хуэдэу инфраструктурэр евгъэфІэкІуэну тынШкъым.

А псоми ягъэ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым кьелъытэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Пащты Б. С., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къэзанш Л. Б. сымэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я щытыкІэм, ахэр зыхэт гугъуехьхэмрэ заужьныкмкІэ хэкІыпІэхэмрэ ятеухуауэ кьыхалъхьа информацэр кьэлъытэн.

2. Чэнджэщ етын:

1) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм:

а) информацэм и Інатіэм хуагъэув Іуэхукіэмрэ езэгъэшу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ Іэмалхэр зэтегъэувэным, апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал кІэзоиэ Іуэхущіапіэм и технологиер зэрыщыту къэгъэщІэрэщІжьыным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2018 гъэхэм ятеухуа и «Информацэм и Інатіэр» къэрал программэм щыубзыхуа лэжьыгъэхэр гъэзэщІныр кьызэрэпэщыжьым хурикъуным хуэдизу, бюджет ахъшэу кьаутІыпщым хэгъэхъуэныкмкІэ щыІэ Іэмалхэм хэпльэну;

б) къэрал властым и органхэмрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм я лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэхэм я лэжьэкІэр зэІуахуауэ щытыныр кьызэригъэпэщыну;

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ яхуэгъэувын 2016 гъэм, 2017 - 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ инвестицэ программэ хэхам Налшык къалэ округым Балъкъэрым и цІэр зезыхьэ и уэрам, 6-м щыІэ телецентрым и унэр реконструкцэ щІыныр хэгъэхъэныкІэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьну;

3) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын:

а) кьыхуэхуІыпщ ахъшэр къэралым Іэщ1эльэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я мылъку-техникэ лъэныкъуэ зэманым кьиГъэувэжьын ягъэзэнэ зэтегъэувэным тригъэкІуэдэну;

6) информацэмкІэ политикэм кьызэригъэувым хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІэр и зэманым тэмэму цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къагъэпэгъуэныр кьызэригъэпэщыну икІи абы и лъэныкъуэкІэ щыуагъэхэр кьимыгъэхъуну;

в) журналистикэм и жанр пыухыкІакІэхэм ирилажьэхэр зэрыщымыІэр кьилъытэну икІи урысейпсо, дунейпсо зыужьныныгъэм ехъгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медиаиндустриеи зегъэужьыныр кьызэрагъэпэщыфІын хуэдэу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Інатіэхэм, печатым, полиграфием я лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм щыхигъахъуэкІэ абы гулъытэ хэха хуищІыну;

г) террорым, экстремизмэм пэщІэтыным хуэгъэза гупсысэкІэ зэтегъэувэным, льэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза рубрикэхэм щІэт программэ щхьэхуэхэр республикэм щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, дин лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр хэту республикэм и щыкъуэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьыщызэригъэпэщыну;

д) бзагуэхэр республикэ телевиденэм кьитхэм нэхъ тэмэму еплъын папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал кІэзоиэ Іуэхущіапіэм кьитхэр Іэпэтэрмэшкіэ зэрадзэкІын папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр нэхъ псынщІэу кьызэригъэпэщыну;

е) республикэм и къэрал цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я интернет-портал зэгуэтым планым тету зегъэужьыныкмкІэ икІи ар къэгъэщІэрэщІжьыныкмкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр кьищтэну;

ж) цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ менеджментым и иджырей Іэмалхэр кьагъэсэбэныныкмкІэ зэкІыпІэхэм хэпльэну, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэмрэ жылагъуэмрэ информацэм и Інатіэм тэмэму щызэдэлажьэн папщІэ печатым едажэм, радиом едаІуэхэм, телевиденэм еплъхэм зэрапыщІа щыкІэр кьигъэщІэрэщІжьыну икІи абы зригъэужьыну;

4) щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм чэнджэщ етын муниципалитетхэм я цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэр ялэжьыну, щынальэхэм кьыщыдэкІ газетхэм я редакцэхэм я лэжьэкІэр демократием и хабзэхэм нэсу кьеезгъэуу зэтегъэувэныкмкІэ зыщІагъэкъуэну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну кьалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Атмурзаевэ Иринэ Ахъмэт и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарым и къулыкъур щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м *Налшык къалэ* *№125/20-5*

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яІэ хуитыныгъэмрэ кьызэрэпэщыныкмкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 13-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 3-нэ статьям и Іыхьэ 1-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Регламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьыдигъэкІа унафэ №61/23-6-мкІэ кьыщтам, и 15-нэ статьям япкъ иткІэ икІи езыр кьызэрыпльэуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Атмурзаевэ Иринэ Ахъмэт и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарым и кьулыкъур 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м щегъэжьауэ щхьэщыхьын.

2. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щІэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Къалэнхэрэ хэкІыпІэхэмрэ

«Урысей Федерацэм щІыпІэ самоуправленэр зы хабзэм тету кьызэрыщызэрагъэпэщ щІыкІэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м кьащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэмрэ кьуажэхэм щыгъэзэщІэным пыщІа гугъуехь нэхъыщхьэхэр».

АРАЩ зытеухуауэ щытар КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ и комитетым кьызэрэпэща зэІуІэр. Зэхьхьэр иригъэкІуэкІащ а комитетым и Іэтащхьэ Мэлбахъуэ Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ Бозий Натбий и пэублэ псалъэм кьызэрыхигъэщамкІэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр щІыпІэ самоуправленэм и Інатіэхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

- ЩІыпІэхэм щыІэ гугъуехьхэм хэт нэхъри нэхъыфІу муниципальнэ властхэр щыгъуазэщ. Ахэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІри мащІэкъым. Щытыкіэр нэрылъагъуу ирагъэфІэкІуэн, зэгъэхъуІа хъуахэр щІагъбыдэн папщІэ, яубзыхуахэр и кІэм нагъэсын хуейщ. Мыбдежьым мыхьэнэшхуэ зиІэ къэрал властым и кьудамэхэмрэ жылагъуэ институтхэмрэ зэрадзэлажьэм, къэралгъо кьалэнхэр гъэзэщІэным зэрегугъуэм. ДыщІызэхьхьа Іуэхум мызэ-мытІэу дытепсэлъыхьащ. Кьапщтэмэ, 2013 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу кьуажиплым я унафэщІхэм Парламентым дыщедэІуащ, я жылагъуэхэм я щыІэкІэ-псэукІэр зыпкърытыхащ, щІыпІэ самоуправленэр зы хабзэм тету кьызэрэзрагъэпэщ щыкІэм теухуа Федеральнэ законыр гъэзэщІэным зэран хуэхъу лъэпощхьэпохэр дгъэнэІуащ. ЗэрызэщхьэщыкІ щІагъуэ щымыІэу, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм кьагъэпэгъуэныр кьызэригъэпэщыну икІи абы и лъэныкъуэкІэ щыуагъэхэр кьимыгъэхъуну;

в) журналистикэм и жанр пыухыкІакІэхэм ирилажьэхэр зэрыщымыІэр кьилъытэну икІи урысейпсо, дунейпсо зыужьныныгъэм ехъгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медиаиндустриеи зегъэужьыныр кьызэрэпэщыфІын хуэдэу цІыхубэ хъыбарегъащІэ Інатіэхэм, печатым, полиграфием я лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм щыхигъахъуэкІэ абы гулъытэ хэха хуищІыну;

г) террорым, экстремизмэм пэщІэтыным хуэгъэза гупсысэкІэ зэтегъэувэным, льэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза рубрикэхэм щІэт программэ щхьэхуэхэр республикэм щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, дин лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр хэту республикэм и щыкъуэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьыщызэригъэпэщыну;

д) бзагуэхэр республикэ телевиденэм кьитхэм нэхъ тэмэму еплъын папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал кІэзоиэ Іуэхущіапіэм кьитхэр Іэпэтэрмэшкіэ зэрадзэкІын папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр нэхъ псынщІэу кьызэригъэпэщыну;

е) республикэм и къэрал цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я интернет-портал зэгуэтым планым тету зегъэужьыныкмкІэ икІи ар къэгъэщІэрэщІжьыныкмкІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр кьищтэну;

ж) цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэным хуэгъэзауэ менеджментым и иджырей Іэмалхэр кьагъэсэбэныныкмкІэ зэкІыпІэхэм хэпльэну, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэмрэ жылагъуэмрэ информацэм и Інатіэм тэмэму щызэдэлажьэн папщІэ печатым едажэм, радиом едаІуэхэм, телевиденэм еплъхэм зэрапыщІа щыкІэр кьигъэщІэрэщІжьыну икІи абы зригъэужьыну;

4) щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм чэнджэщ етын муниципалитетхэм я цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэр ялэжьыну, щынальэхэм кьыщыдэкІ газетхэм я редакцэхэм я лэжьэкІэр демократием и хабзэхэм нэсу кьеезгъэуу зэтегъэувэныкмкІэ зыщІагъэкъуэну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну кьалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкмкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ.

● Дн сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Къэбэрдейм щыпсэу адыгэхэр.
Сурэтыр **Боденштедт Фердинанд** *ищІащ. 1849 гъэ*

мылъкум техьэ налогымрэ ятеухуахэр. ЩІыпІэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэгугъэр зехьэныр къуажэм къатохьэлъэ, щІым и Іуэхури зэІумыбзщ. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм уней лъапсэ щаухуэн папщІэ языныкъуэ цІыху щхьэхуэхэм щы Іыхьэхэр пщІэнэшу етыным, республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 14-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхуэдэныныгъэхэр хэлъхьэныи и Іуэхукіэ КъБР-м и Закон №121-РЗ-м щыубзыхуахэр, экологием и щытыкІэм, Іэнатіэхэр кьызэрэпэщыным, щІалэгъуалэр дэмыгъэкІыным, нэгъуэщІхэми пыщІа Іуэхугъуэхэр жылагъуэхэм нэгъэсауэ гъэзэщІа щыхъуркъым. «ЩІыпІэ самоуправленэ» гурыІуэныгъэм и купщІэр наІуэщ. - щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэр бэм я сэбэн хэлъу зэфІахыныр щ. Аращ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэм я кьалэн нэхъыщхьэри. ЗэхъуэкІныныгъэм теухуа жэрдэмхэр езы цІыхухэм кьабгъэдэкІын, реформэхэр абыхэм нэхъ яфІэкъабылым тещІыхьын хуейщ, - кьыхигъэщащ Мэлбахъуэ Борис.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьуэдзэ Сарбашевэ Светланэ щІыпІэ самоуправленэм и зыужьныныгъэр зэтезыІугъэ щхьэусыгъуэхэм щхьэхуэу кьытеуыІащ. Апхуэдэщ муниципальнэ реформэм теухуа хабзэхэр зэрызэпэщІэуэр, Іуэху зехьэныгъэм иджыри хуэфащ пщалъэ зэримыгъуэтар. ЩІыпІэ самоуправленэм и органэхэм я хуитныгъэхэр (полномочиехэр) зыхуэдэр наІуэу икІи зэкІэльыкІуаэ хабзэкІэ зэрыщІэмыгъэбыдам лэжьыгъэр ельахъэ.

ЩІыпІ гугъуехьхэр кьызэнэкІыным сэбэн хуэхъуну кьалъытэ жэрдэмхэр кьыхалъхьэу, я Іуэху ельыкІэхэр кьаІуатэу зэІущІэм кьыщыпсэльэщ Май щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Кислищын Александр, Хьэтіохьущкъуей, Зеикъуэ, Къещкъэтау, Псыкуэд кьуажэхэм, Солдатскэ станицэм я администрацэхэм я унафэщІхэу Къумыкъу Муіэед, Къэрмокъуэ Гъумар, Уянаев Аэрэт, Куэшей Олег, Васильевэ Светланэ, нэгъуэщІхэри.

Зэхьыхьэм кьыщащтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органэхэм, «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Налшык

Дэтхэнэ зыри жэуаптакІуэщ

Налшык и уэрам гъэзугъэр 277-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 97-р махуэ кьэс яГъэкъабзэ. Къалэр зэрыщІэрахьэ, зэІуэпэщ зэращІ хабзэхэм япкъ иткІэ, псэупІэхэм кьедза щІыпІэхэм уней лъапсэр зейхэмрэ кьалэ псэуалъэхэр зыбгъэдэльхэмрэ кІэлъыплъын хуейщ.

АРАМИ, абы егугъуркъым. ПхъэнкІийр зыхуэзэм щаркІут, псыхъуэзэр яуфІей, ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэр пщІантІэхэмрэ уэрамхэмрэ щрадз. А псом кьалэр теплъаджэ щІэхъукІым и мызакъуэу, дыззрыбауэ хьэуар яуцІэпІ, куэнышь зэкІуэкІхэм щхъухь шынагъуэхэр кьыхокІ. КъищынэмыщІауэ, апхуэдэ пхъэнкІий идзыпІэхэм щобагъуэ уз зэрыщІалэхэр жыджэру зезыхьэ зэпщхупщхэр, гъудэбадзэр, дзыгъуэшхуэхэр.

Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зэІуэпэщыныгъэмкІэ и кьудамэр пхъэнкІий идзыпІэ ІэрыщІкъэр кьэхутэным икІи Іухыным зэпымыууэ йолэжь. Ильэс кьэс а Іуэхум мылъку лей хухах. Абыкіэ щхъуантІагъэхэр пхухэсэнут, уэрамхэр пхуэгъэнэхунут, тетІысхьэпІэхэр пхуэгъэувынут, автобус кІуэпІэхэр пхуэзехьынут, нэгъуэщІ Іуэху щхьэпэхэри пхуэзфІэгъэкІынут. Мы ильэсым кьриубыдэу зэхуэдэ пхъэнкІий идзыпІэу тІощІрэ тІурэ кьудамэм игъэхьэбзащ.

Кьалэм ЖКХ-мрэ зэІуэпэщыныгъэмкІэ и Іуэхущіапіэм и комиссэ хэхар щытыкІэм кІэлъоплъ, кьуаншэхэр кьехутэ, хабзэм тетын, щІыпІэр кьабзэу зехьэн зэрыхуейр гурагъаІуэ, пхъэнкІийр дэзыш компаниехэм е я Іуэхур кьыззыгъэпэщщэм зегъэрыІуэныгъэхэр ярещыІэ. ЕтІуанэу кьыщІэхуэхэм тхыль хуатх, зи кьалэныр тэмэму зымыгъэзащІэхэм хабзэкІэ йотхьэкъу.

Ауэ ар мащІэщ. Щытыкіэм зыщихьуэжьынур кьабзагъэр зыхуэдэмкІэ зэрыжэуаптакІуэр дэтхэнэ кьалэдэсми нэгъэсауэ зыхищІэмэщ.

Абы кьыхэкІыу, щІыпІэ администрацэм псорн кьыхуреджэ гудзакъэ зыхагъэльыну, уэрамхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, утыкуэр ямыуфІеину, пхъэнкІийр зыхьуэзэм щыхьфІамыдзэну, кьалэм и кьабзагъэмрэ и зэІуэпэщыныгъэмрэ абы щыпсэу дэтхэнэ зыми зэрельытар зыщамыгъэгъупщэну.

Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Зи псэр зэнзэнымпсу къабзэ, фыгъуэ лъэпкъ зымыщІэ

Ар фІыуэ щІалъагъур

Гупым зэи зыкъыбдрагъэкІунукъым (уунафэщІмэ - Іуэхур щхьэхуэщ), уэ абы задебгъэкІун хуейщ. Арыншамэ, гугъу уехьынщ, уи лэжьэгъуэрэ тыншынукъым. Къыдалъхуам хуэдэу а хабзэ къыхэрыгуэкІым тетщ нобз зи илъэс хыщІыр дгъэльапІэ щІалэр.

Ауэ «задебгъэкІуным», дауи, къикІыркъым тхьэрыкъуэфым хуэдэу улантІэу, уфрэнщэу, зыкІи уакъыхэмыщу уаэхтынри. Ари фІыуэ къыгроІуэ ди ныбжьэгъум. сыт хуэдэу щымытами, и дуней тетыкІэмкІэ къегъэлъагъуэ. Абы сыт щыгъуи езым и жэрдэм къыхелъхьэф, и Іуэху еплъыкІэр къеІуэтэф.

АР ЖЫСІЭФЫНУЩ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Хьэжыкъарэм сыдолажьэри, и Іэхущ1афэхэр солъагъури. Абы ипэкІэ дыззэрыцІыхуауэ зыкъом щІауэ дызэнеибжькъэгъу пэлъытэт, дызэкуэдэрт, ди зэхуэдэ хэгъэрейхэр ди гъусэу. Ауэ нэхъыбэрэ сызрихьэлІэр пщэдджьжькІэрэ радиом къыІукІ и макъ жьгъырурт.

А зэманым радиом щылажьэ журналистхэр шэч гуэри хэмылъу нэхъ Іэзэт иужьрейхэм нэхърэ (я жагъуэ ирамыщІ), ауэ абыхэми, сэ сызэреплъыкІэ, Алик къахэщырт езым и нэгъунэхэм я хуэхэкІэ, псом хэмылэу, игъэхъэзыр хъыбарыщІэхэм я зэхэпхьэкІэмрэ къеджэкІэмкІэ. Езыр республикэ псом цІэрыІуэ щыхъуат. Апхуэдэ журналистыр «Адыгэ псалъэм» и гупым къызэрытехьхьам дыщыгуфІыкІат - ди газетри хуэныкъуэт апхуэдэ лэжьакІуэ.

Мыгувэуи Хьэжыкъарэр къагъэкІуащ сызиунафэщІ къудамэм - ар зытетхыху зэса Іуэхуэхм нэхъ пэгунэгъут. Хуабжьу сыдэтыншащ - радиом щыжаІэу, ауэ дэ къэдмыгъэсэбэп къэпсэлъыкІэ гуэрхэр хэдгъэкІа иужь, и тхыгъэхэм укъемыджэжми хъуну заншІэу къыщІидзат. Езыр дэнэ щыпІи сыт хуэдэ зэманми нэсу, пщэрыльть щыпщІа Іуэхур зэпкъриудыну хьэзырт. Си гугъэщ езыри къыздэтыншауэ: зэи пэзубыдакъым мыхъун, къемызэгъын гуэр.

Алик псом япэу дэслъэгъуар ар жэуапльныбгъэ ин дыдэ хэлъу и Іэдакъэщ1кІэкІэм зэрыбгъэдыхьэщ - езым итхахэми зэридзэкІахэми. Зы псалъэм е псалъэухам я мыхьэнэр нэсу къыгурымыІуэмэ, «ирихужьэнурэ» ар къфрихуэкІынущ, псори зэІубз къищІыхуэ. Псалъалъи къигъэнэнукъым, Іэщ1агъэлІэкІэми захуигъэзэнущ. Уеблэмэ, «щхьэцпэщтэщ», «дзыхьмыщІщ» жыиугьэІэу. Дауи, зэшыгъэущ, ауэ аращ и тхыгъэхэр нэгъуэщІым зэрригъэзэхуэжын хуей щІэмыхъур.

Гъэнэгъу дызэхуэхъуа иужь гу лъыстащ нэгъуэщІ зы лъэныкъуи - нэхъыжьхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ пщІэуэ яхуищІыр зыхуэдизыр. Хэбгъэзыхьмэ, и хэгъэрей къудейхэми. Ар фІыщ, ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, икІи тыншкъым: абыхэм ящыщ дэтхэнэри Іуэху гуэркІэ къыпхуокІуэ, ар хуэфІэбгъэкІыни хуейщ, уэ уэмыгъэщІылІами. Абы зэман токІуадэ. И нэхъыбэм номерым кІуэ тхыгъэхэм елэжь Хьэжыкъарэм я зэманыр къыдигъэхуэн и мураду, пщэдджьжьым жьы дыдэу лэжьакІуэ къокІуэ.

Мыхьэнэ ин зиІэ экономикэ къудамэм и унафэщІу куэд щІауэ лажьэ журналистым апхуэдэу и гулъытэр сыт щыгъуи хуигъэзэн хуей мэхъу къыдэлажьэхэм, къэувагъащІхэу ядэІэпыкъуну къелъэІухэм. Абыхэми ар щамыгъуэт къэхъуркъым. Сэ ар радиом махуэ къэс си нэгу щІокІ.

И лэжьыгъэкІэ къапщтэмэ, Алик хъарзынэу хозагъэ Іэнатіэ псоми. Ар пхутетхыхьыфынущ экономикэм и мызакъуэу, политикэми, философиеми, щэнхабзэми. «ХэІэтыкІакІэ» зэджэ тхыгъэшхуэхэми ялъэІэсыф. Псалъэм и хьэтыркІэ, хуабжьу сигу ирихьащ нэгъабэ и кІэухым КІуащ БетІал теухуауэ къытрыригъэдза тхыгъэшхуэр. Ауэ нэхъыбэ дыдэу зэлэжьыр газетыр махуэ къэс зыхуей хъу Іэхуэхэрщ. Экономикэ Іэнатіэм упэрытыну нэхъ гугъущ адрейхэм нэхърэ. Ар зебгъэкІуэн папщІэ, зи гугъу тщІы цІыхуэм хуэдэу абы куууэ хэпщІыкІыу икІи жэуапльныгъэ пхэльу ущытын хуейщ.

Ауэ а псори гупым пщІэ къыпхуезыгъэщІ къудейщ, ауэ фІыуэ укъалъагъун папщІэ нэгъуэщІ кудри ухуейщ. Сэ ипэІуэкІэ и гугъу сщІащ Алик жьыми щІэми бгъэдыхьэкІэ хьэлэмэт къахуэзыгъуэтыф цІыхуэ хьэлэмэту зэрыщытыр. Гухэхъуэщ апхуэдэр уи ныбжьэгъуну, уи гъунэгъуну. Операцэ сащІауэ сымаджэщым сызэрыщІэлъыр къызэрыщІэу, дакъыкъэ бжьигъэ нэхъ дэмыкІыу къэсри къысщІэупщІащ, си Іуэху зыІутым зыхигъэгъуэзащ. Апхуэдэр пщыгъупщэнукъым. Ауэ си закъуэхъым ар апхуэдэу зыхущытыр - и гур хуэзІухащ дэтхэнэми. Езыр хуабжьу бзэ ІэфІщ. Мис а иужьрейми мыхьэнэ ин иІэщ. ПщІэ къыпхуащІыным и мызакъуэу, фІыуэ укъалъагъун папщІи.

Арауэ къыщІэкІынщ и унагъуэкІи щІэхъарзынэр. Сэ абы и щхьэгъусэ Риммэ хэлъ гуапагъэр си нэгу щІэкІащ, и ерыскъы Іэфі куэд сшхащ. Унагъуэ хъарзынэ из япхуу Альбини и адэ-анэм хуабжьу къаззэрыхуэгумащІэми сыщыгъуазэщ.

Мис апхуэдэу и къару илъыгъуэу, и лэжьыгъэкІи, и унагъуэкІи зэпэщу илъэс хыщІ юбилейм лъэІэсащ си ныбжьэгъур. Дауи, нэхъыщІэхэм дежкІэ ныбжьыщхэщ, арщхьэкІэ абы зыкъомкІэ щхьэдэха сэ сощІэ иужькІи куэд зэрыпхуэзэфІэкІынур. Нэхъыщхьэр зэгуэр къэпщта къалэмыр умыгъэтІылъынырщ, гъащІэм уи пщэм къыдилъхьэ къалэнхэр жылагъуэми, цІыху къыззрыгуэкІхэми я псэм удыхьэу епхьэкІынырщ. Апхуэдэу дяпэкІи зэрыщытынуми шэч къытесхьэркъым.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

КъБАССР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Емуэ Гъузер щІыгъуу. *1990 гъэ*

КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист Хьэжыкъарэ Алик илъэс 60 ирокъу

Республикэм и хьэрычэтыщІэ нэхъыфІэр щагъэлъапІэ зэлуІэм. *2010 гъэ*

Ноби сызэрыдэлажьэм срогушхуэ

Аликрэ сэрэ 1988 гъэ лъандэрэ дыззроцІыхуу. Абы ипэ къиуэ илъэс-хэм Налшык щыІэ Бгы лъагэ геофизикэ институтым инженер нэхъыжьу сыщылажьэрт. Абы сыщыІута иужьрей зэманым сыдихьэхауэ щыташ уэгум зыщыззэхуэзыхьэс пшэ Іэрамэхэмрэ бгы-хэм къех уэсукхъуэхэмрэ къапкърыпсыкІ электричествэм къигъэщІ малъхъэдис губгъуэхэм зэрызахъуэж щыкІэм анэдэлъхубзэкІэ тетхыхьыным.

ХАБЗЭ зэрысхуэхъуауэ, си Іэрытх мащІэ тІэкІухэр «Ленин гъэзу» газетым («Адыгэ псалъэ» щыжьжар иужькІэщ) къесхьэлІэрт. Ауэрэ здекІуэкІым, зэгуэрым Печатым и унэм сыщыхуэзащ журналист Іэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм мы зэманым и унафэщІу лажьэ Тэтрокъуэ Астемыр. Ар щІэст и благъэ, «Нур» сабий журналым сурэтыщІу а лъэхъэнэм щыІа, и ІэдакъэщІэкІ телъыджэхэмкІэ щІэх дыдэу куэдым къащІыхуэ Тэтрокъуэ Мухьэмэд и пэщым. ЗэкъуэшитІым я уэрщэрым сыщыхашэм, хъуэпсапІэу сиІэхэми сытрагъэпсэлъыхьащ. Къыжьыслащ адыгэбзэм хуэлажьэ Іэнатіэ гуэр сыІуувэну сызэрыхьэзырыр. Ар зэхэзыха Астемыр асыхьэтым зыкъызэкъуихри къызиІуэкІащ а зэман дыдэм хуэзэу радиом щІыху къызэрагъэхъуэр.

Махуэ бжьГыи дэкІагъэнтэкъым, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэмкІэ и къудамэм и редактор нэхъыщхьэу а зэманым лэжьа, и Іэдакъэщ1экІ телъыджэхэмкІэ щІыхуэм фІыуэ къалъэгъуа, тхакІуэ гъэзэджэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и пащхьэ сыкъыщихутам. Ар тэлаифкІэ къызэпсэлъащ, нэбдзэгубдзапльэу сыщІипщытыкІрэ зигъэткІийуэ къысхущІэпльу. Редактор нэхъыщхьэм есха фІэхъусым и апхуэдэ къыпэджжыкІэм Іэнкун срихъулэным зы тІэкІут къэнжар. АрщхьэкІэ сэ сызыхуейр сщІэжыри, ерыщагъ схэльу абы сыщІихущІэкъым, хъыбарыщІэкмкІэ къудамэм и корреспонденту сикъыщтащ.

А Іэнатіэм и унафэщІу абы щыгъуэ щытар «псым дэсарэ жьым епЫджу» къэгъуэгурыкІуэ, «лэжьыгъэм хуэІэижь» цІэ лъапІэр зытрагъэІуэкІа, журналист Іэкіуэлъакіуэ Хьэжьыкъарэ Алик. Абдежьым къыщыщІэздзэри, хъыбарыщІэхэмкІэ къудамэм и унафэ зыбжанэкІэ абырэ сэрэ «ди бжьыкІ зэгъэхуауэ» дыщызэдзлэжьащ. Мис абы щыгъуэщ а щІалэм Іуэхуу къырихьжьэм жэуаплныгъэ бгъэдильхьэр зыхуэдизыр сэ ящІэ щІэзыхэсщІар.

Бгы лъагэ геофизикэ институтым сыщыІутам, абы пщэрыльть къыщысщащІхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытар едгъэкІуэкІ къэхутэныгъэ къэпщытэныгъэхэм зэгъэкІуауэ тетхыхьыныхьри, абыхэм яужь уитыныр иужькІэ лэжьапІэщІэм сызыщирихьэлІа «псынщІэрытхэ» лэжьыгъэм хуэдэ дыдэу скужьІэнутэкъым. Арагъэнущ, зэрыщыту къапщтэмэ, радиом къыщысхуагъэув къалэнхэр гъэзэщІэныкІэ, а псом хуэмыдэжь, хъыбарыщІэхэр къъэгуеиныкІэ ахэр зэгъэкІуауэ цІыхухэм я пащхьэ ильэхьэнымрэ япэ зэманкъм гугъу нэхъ сыщІыдехьар. Абы къыдэкІуэри, Хьэжыкъарэ Алик жэуаплныгъэшхуэ я зэманым нэхъ зэщІэкъуа симыщІынкІэ Іэмали иІэтэкъым. Гугъу сехьами, апхуэдэу дызэрызэдекІуэкІар сэ псыхьапІэ схуэхъуащ, журналистыр зэрыщытын хуейм хуэгъэзауэ.

Радиом дыщызэдзлэжьами, мы зэманым «Адыгэ псалъэ» газетэм тІури дыІутщ, «зэпартэгъу» кьытхуэІэмки хъуну, зы пэш дызэрыщІэсу. ЗэманыфІ дзэгъэкІауэ, журналистикэм гъунэгъу зыкъыщыхуэсщІыжьым, зыкъызэщІззмыкъуэжу хъунутэкъымк, аргуэрыжьым Аликщ, тегъэщІапІэ нэхъыщхьэу сиІар. Дауэ щымытми, илъэс куэд щІауэ дызэроцІыху, дызэроцІэ, ди хьэл-щэнхэмкІи дызэщыгъуазэщ. Абы къыхэкІкІи, нэхъ екІурабгъуу, къызэрызззэгъыным хуэдэу къыздекІуэкІыуэ зыкъызигъэужьыжьащ Алик.

Хьэжыкъарэм лэжьыгъэ нэхъ жэуаплныгъэ зыпылъхэр, гъэззщІэгъуейкэр къыбгъэдалъхьэ. ИкъукІэ зыхищІэу и лэжьыгъэм бгъэдэтщ, ІэхъуэгъуэтегъэкІ жьыхуаІэм пІэщІэщ, и пщэ къыдалъхьэ къалэнкэр гъэхуауэ, гугъэзагъэу, «пыплъхьэни пыпхьни» щымыІэу жьыхуаІэм хуэдэу зэфІегъэкІ. И бзэм и дахагъэм удехьэк, узыІэпеш, псалъэу къигъэсэбэпхэр хъыбарыщІэхэм, республикэми къэралми къыщыхьуэхэм зэгъэкІуауэ, зэпэшэчауэ зэрытетхыхьыфыр гъэщІэгъуэнщ.

ПльэмыкІыу узыдзэгъэплъей щІалэщ Хьэжыкъарэ Алик. И тхэкІэм и мызакъуэу, и цІыху бгъэдыхьэкІэми, и дуней тетыкІэми, и ныбжьэгъу апхуэдэщ. КъыщыщІыхуа лъэхъэнэхэм къыщыщІэдзауэ хъыбарыфІ куэд зэхьэзохьж, ар и ныбжьэгъуэхэм зэрадекІуэкІа, зэрахущыта щыкІэхэм ятеухуауэ. Езым и гукъэкІыжхэр сыт и уасэ?! Къыдалэжьауэ щытахэм, ноби къэзыгъэныбжьэгъуэхэм я гугъу щицІкІэ, и нэгум гуапагъэу къищыр зыхуэдизым гу лъымытэкІэ Іэмал иІэкъым.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Шэ хьэлэл ефащ

Илъэс 30-м щхьэдэхащ Алик цІыхугъэ зэрысхуэхъуэр. Зэгъусэу радиом дыщызэдэлажьа зэманым махуэ къэс дызэхуэзэрт, чэнджэщэгъу дызэхуэхъурт, «Адыгэ псалъэм» кІуа нэужьи, дызэфІэкІуэдакъым - тхьэмахуэм тІэу, щэ дызэрольгъагъу, дыщызэхуэмызэми телефонкІэ дызэщІоупщІэ. КІэщІу жьпІэмэ, ди гъуркІи ди цІынэкІи дызэрощІэ. Газетым щхьэкІэ згъэхьэзыр си тхыгъэхэм я нэхъыбэр зыхуэсхьри араш.

АЛІЫМ и дуней тетыкІэм, и хьэл-щэным, и цІыху къэтыкІэм, и Іыхьлыхэм якуэІэ щытыкІэм, и ныбжьэгъуэхэр зэригъэпажьэм, и лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым теухуауэ фІы куэд пхужыІэнущ. Ауэ псом япэ изгъэщіну сызыхуейр и анэмрэ абыр яку дэлъа лъагъуныгъэрщ, абы фІыуэ сыщыгъуазэщи. Алик куэдрэ я гугъу ищІырт и анэм и къекІуэкІыкІами, гугъуехьу игъэвахэми. ЩІагъуэ дымыгъэхуу, тхьэмахуэ къэсхуу кІуэжырт ар и анэм деж лъагъунЫгъэу. Апхуэдэу здекІуэкІым тхьэмахуитІ, хьэмэрэ щы дигъэкІа, зэгъуэгу я кІуаэжмкІэ лэжьыгъэ Іуэхуу къежьауэ дызэдэкІуэм, Аликым жеІэ: «Уэрей, а уэ пщІэ Къэрэжан цІыкІу фІыуэ къыскъуитхъэну хъунмэ». Дынос Аруан, я пщІантІэм дыдохьэ. И анэри бжьыпэм Іутт пэщащэу. И къуэр гуфІэжу къыщыхуэкІуэм: «А, напэншэ, иджыри къэс укъыщІэмыкІуэжар сыт?» - жери, къыбгъэдохьэ, Іэплі къыхуещІ, зыкъыщимыгъэнщІу. И щхьэм Іэ къыделъэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ къимылъэгъуа фІэкІа зэрыпщІэн мы дунейм теттэкъым...

Радиом щыщыІа зэман кІыхьым Алик и лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтар уи нэгу къыщыщІэбгъэхьэжкІэ, умыгъэщІегъуэн пльэкІыркъым, а Іуэхур абы апхуэдизкІэ екІурэ ещхьу зэрихьащи. Къэрмокъуэ Мухьэмэд абы и пщэ дилъхьат Іэнатіэ нэхъ гугъу дыдэр - хъыбарыщІэхэр игъэхьэзырыну. Махуэ къэсхьку екІуэкІ Іуэхугъуэкэр, республикэм и гъащІэр кІэщІу, бзэ къабзэкІэ, бзэ щэрыуэкІэ итхыжу, илъэс 20-м щІигъукІэ а лэжьыгъэр зэрихьащ Хьэжыкъарэм. Къэрмокъуэ Мухьэмэд арэзы щІигъуафІэтэхъым, сыту жьпІэмэ, Іэпэдэгъэлэну пщІа лъэпкъ абы пхигъэкІынутэкъым, ауэ редактор нэхъыщхьэм и гум нэсу и Іэнатіэм бгъэдэтащ Алик. ИужькІэ радиом и адыгэ редакцэм и унафэщІу лэжьа Бжэныкіэ Мухьэб и дежи Алик пщІэшхуэ щиІэу и къалэнхэр игъэзэщІащ. Абы и щыхьэтщ, Мухьэб отпуск щыкІуэкІэ, инэхьыбэм зыщыІэ и пІэкІэ Алик къыгъанэу зэрыщытар.

Псом хуэмыдэу ди ныбжьэгъум щытхъу лей къелэжь журналист Іэщ1агъэм щІалэгъуалэ гуп зэрыхуиГэсам папщІэ. Абы и бжьигъэр зы пщыкІутху хъууэ къыщІэкІынщ. Ахэр, къанэ щІагъуэ щымытэу, хэти радиом, хэти телевиденэм, хэти газетым щолажьэ.

Зы щІакъхъуэ Іыхьэ иІэмэ, тІууэ зэпищыкІынущ. Зы къыпщІигъэкъуэнущ, сыт хуэдэ Іуэху уиІэми. Уеблэмэ, хамэ, имыщыхухэ гуэр «мыпхуэдэ Іуэхутхьэ къысхуэщІэ» жиІэу къеплъэІуами хуэгъэщІэхъуэнукъым.

И унагъуэкІи зэпэщ1 Алик. И щхьэгъусэ Риммэрэ абырэ я зэхуэщытыкІэ дахэм уехьуапсэ хъунущ. Я гум хэт щІэмыхьэми, и нэгур зэльыІухауэ, фэрыщІагъ пльэпкъ хэмылъу, гуапэу ирегъэблагъэ Риммэ. Езы тІури зы ласт щІэсу, уеблэмэ, зэпартэгъуэ зэдеджащ. ГушыІэу зыр адрейм щехъурджауэ щыІэщ, «си тетрадым тептхыкІыу щытащ» жаІэу. Япхъу закъуэ Альбинэщи, унагъуэ исщ, и адэ-анэм ещхьи хуэжащ - цІыху гуапэщ, хабзэ-бзыпхъэр япэ иригъэщ. Алик и пхъум ейуэ сабий цІыкІуитІ иІэщи, ахэр и гурыфІыгъуэщ. А тІур хьэщІапІэ Алик кІыщыхащэкІэ, махуэ псом гугъу зэрехьар, дыгъэм зыщІифа пщэдджьжь уэсэпсу, мэкІуэдыж.

Илъэс 60-р куэд хьэмэрэ мащІэ? Си гугъэмкІэ, Алик дежкІэ ар куэдкъым: гу лъымытэу, имыщІэхъэу а ныбжьым нэсащ ди ныбжьэгъур. Гу лъымытэхъэу щІыжьтІэр, и дэтхэнэ зы илъэсри, и дэтхэнэ зы махуэри, кьанэ щІагъуэ щымыІэу, Іуэхукіэ гъэнщІауэ щытащи аращ. Адыгэбзэм, адыгэ Іуэхум гукъуэпскІэ пыщІауэ зи гъащІэр къезыхьэкІ (абы и зы щапхъэщ, ар щыпсалъэкІэ урысубзэ къызэрихимыгъахуэр) Хьэжыкъарэ Алик иІэ пщІэм хэхъуэну, и унагъуэкІи, и щхьэкІи гукъеуэнщэу и гъащІэр ирихьэкІыну Тхъэм жиІэ.

МЫЗ Ахьмэд,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакІуэхэу БжэныкІэ Мухьэб, Шафий Аслъэн, Хьэмту Къадир сымэ ящІыгъуу. *1996 гъэ*

ЕпщІанэ классыр къеух. *1973 гъэ*

И щхьэгъусэ Риммэрэ ипхъу Альбинэрэ ящІыгъуу. *1985 гъэ*

Адыгэлі

ГъащІэр зыгъэдахэри, зыгъэбжьыфІэри, зыгъэІэфри, зыгъэдыджри, хьэлъэ къыщыщІыгъи цІыхурщ. Щыіэщ цІыху, жьжьэу къэплъэгъуэмэ, гъуэгум дэпчыхыу. Щыіэщ цІыху, дапщэрэ ухуэмызами, дапхуэдизрэ уемыпсэлъылами зыщумыгъэнщІу, къыбжиІэри илэжьри пфІэдахэу.

АПХУЭДЭ насыпкІэ Алыхьэр зыхуэпсасэм ящыщщ Хьэжыкъарэ Алик (пэжу, сэ абы сызэреджэр зыхилъхьэ щымыІэу фІыуэ илъэгъуа и анэ Къэрэжан къыфІищащ гъэфІэныцІэрщ - Лыкіэ).

Нытіэ, Алик (Лыкіэ) илъэс 35-м нэсауэ соцІыхурри, ар зэнэзныпсу къабзэщ, фыгъуэ зыхуаІэр ищІэркъым, сыт хуэдэ губгъуи и гъусэу уихьэ хъунущ - утыку укъринэнукъым. Зэи къэхъуакъым ар и псалъэм щытезмыгъэтэжа.

Хьэжыкъарэ Алик телевиденэми радиоми сыщыдэлэжьащ. Си срихьэлІакъым абы хуэдэу хьэлэлу и журналист лэжьыгъэм бгъэдэт. Зытетхыхьыну Іуэхум куууэ щыгъуазэ зимыщІауэ, цІыхур фІыуэ зримыгъэцІыхуауэ абы къалэмыр къищтэркъым.

И журналист лэжьыгъэхэм я гугъу пщІымэ, ахэр гугъэзагъэщ, зытеухуахэм яхужиІэр зэрыпсэжьм щэч къытепхьэркъым; зэрытхэ бзэрацІи, щІэджыкІакІуэм пщІэ къызэрыпхуищІым и щыхьэту, уи жеин къэзыгъакІуэ лейхэм ящІихъумэу, гупсысэри псалъэри къыхэщыпыкІащ, къыхэкъузыкІащ.

Си республикэм зы щІ ІэгупІи иІэу къыщІэкІынукъым журналист лэжьыгъэ Іуэхукіэ Хьэжыкъарэм и лъэ зытемыуба. Къущхьэхъу хуэпІэхэм щыІэ Іэщ1ыхъуэхэми завод-фабрикэхэм я лэжьакІуэхэхэми ноби ар я хэгъэрейщ.

Зи гъащІэр матэщІэдзауэ къекІуэкІа цІыхухэм ящыщкъым Алик, и адэ Алий пасэу фІэкІуэдащ, мы гъащІэм сыт щыхуэзфІэкІами къызэрилэжьар езым и ерыщагъщ, щхьэх зэримыщІэрщ.

Сыт цІыхур насыпыфІэ хьун щхьэкІэ зыхуейр? Абы иІэн хуейщ фІыуэ къэзылъагъу щхьэгъусэ, зэрыгушхуэ бын жьІэдаІэу, къуэрылъху-гъэрылъху узыншэ. Ахэр Алик иІащ.

УэзыншагъэмкІэ гуныкъуэгъуэ уимыІэу фІыуэ плъагъу уи лэжьыгъэм куэдрэ упэрытыну, уи унагъуэ дахэм ущхьэщытыну сынохьэхэу, си къуэш!

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр,
Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщІ.

Егъэлеиныгъэ зыхэмылъ щытхъу

Хьэжыкъарэ Алик республикэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэм куууэ хэзыщыкІ, Іуэхугъуэ къекІуэкІыр нэгъэсауэ, зэпкърыхауэ къыббгъэдэзыльхьэ журналистщ. Езым и Іуэху еплъыкІэ иІэжщ, газетеджэр зы мащІэкІи щигъэуэнукъым: жьжьэ кІуэцІрыплъауэ, гурыІуэгъуэ матхэ. Апхуэдэущ къызэрацІыхур Алик «Адыгэ псалъэм» и щІэджыкІакІуэхэм.

РАДИОМ илъэс куэдкІэ къыщыщІэлэжьахэм Алик псалъэу щыІэм я нэхъ гуапэщ хужаІэнури, абы егъэлеиныгъэ хэлъкъым. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэдухагъащІуэ Къанкъуэ Ритэрэ сэрэ лэжьэн щыщІэддзар Алик и дежщ. Жирмалистикэм дыхуеджами, Іэщ1агъэм и щэхуэхэм дыхигъэгъуазэу, дэІэпыкъуэгъуфІ къытхуэхъуащ ар. ХьыбарыщІэ кьетхьэлІэну дыщежьэкІэ, Іуэхущ1апІэм и цІэр зэрызэхихьу, зыкъызэщІипхъуэтырти: «Мыпхуэдэ Іэщ1агъэлІ адыгэбзэм хуэшэрыуэу щолажьэр а фыздзкІуэнум», - жиІэрт. Дэрэ ар дгъэщ1агъуэу гъэзу дытеувэрт. А зэманым дызэрылажьэ репортерхэр (диктофонхэр) радиом фІэкІа щыбгъуэнэрт, ар зыгуэркІэ мыхъумэ, Алик езым зыкъигъэнэнурэ и Іэмэпсымэр и лэжьэгъуэм иритынут, апхуэдизкІэ псэхьэлэти.

Хьыбарыщ1эм езым и хъэтІ иІэжщ: псалъэр шэрыуэми, къыхэкъузыкІауэ Іуэхугъуэм утопсэлъыхь. Алик бзэ кьулейкІэ гъэпсэ усэхэр тхьилъ щхьэхуэу къыдигъэкІауэ щыІэхэсхам япэщ1ыкІэ сфІэхьэлэмэтат. Гупсысэ куу, акъыл жан зыбгъэдэлъыр сытми хуэзэщ - ар щыбольагъу Алик и деж. ЦІыхугъэшхуэ зыхэлъщ, лэжьакІуэшхуэщ, и Іэщ1агъэм и хъер Тхьэм иригъэлъагъу.

ГЪУБЖОКЪУЭ Раметэ.

● Гъэзджэ

Щоджэнц1ыкІу Алий и фэеплъ гъэлъэгъуэныгъэ

Теувэж Сулът1анрэ Щоджэнц1ыкІу Леонидрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм къыщ1ыз3уахащ «XXI л1эщ1ыгъуэм и щ1ал3гъуэлъм я творчествэм Щоджэнц1ыкІу Алий и художественнэ дунейр къыз3рыхэщ1ыр» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар теухуащ адыгэ усакІуэшхуэр къыз3ралъхуэр илъэсиг 115-рэ, и фэеплъ музейр къыз3рыз3Іуахрэ илъэс 25-рэ з3ры рикъуам.

ВЫСТАВКЭМ хагъэхьащ усакІуэм и музейм щ1ахъумэ хьэпшыпхэр, саугъэтхэр, суратхэр, Алий къыщ1эна щ1игъынхэр, псэуц1ыкІэ к1ыдж1а и тхыльхэр, и лэжьыгъэхэм з1ыщ1ынагъэ1Іэм траухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэу гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьат Налшык къалэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щ1эныгъэджэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ Щоджэнц1ыкІу Алий и художественнэ тхыгъэхэм к1ыхэщ л1ыхъужьхэм к1ыртащ1ыкІа сурэт хьэл3мэтхэр. А лэжьыгъэхэр дэтхэнэри нэр зыгъэгуфІэт, узыгъэгупсысэт.

- Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа хьэпшыпхэмрэ абы и фІащ1ыгъэмрэ зэподжэж. Щоджэнц1ыкІу Алий и тхыгъэхэр к1ыщигъэщ1ым з3гуэр абыхэм апхуэдэ пщІэ я3уэтыну, щ1эблэм ар я щ1ымы-гъупщэну игу к1экІыу щ1ытагъэнкъым. Апхуэдэхращ классик хъур, - жи1ащ КъБР-м щ1анхабзэмк1э и министр Къумахуэ Мухьадин. - УсакІуэм и тхыгъэхэм щ1эблэм з3ры зыхуагъбазэр, гулъытэ ин з3ры хуащ1ыр узыгъэгуфІэ Іэхуащ. З3ман къэзыгъуэту выставкэм зык1ерезыгъэ-хьэл1ахэм фІыщ1э яхуэфащ1щ. Нобэ самбийхэм щ1апхъэ едгъэлъэгъуэмэ, е3ыхэм я з3фІэк1ыр пщ1дей утыку щ1агъэлъэгъуэнущ.

Щоджэнц1ыкІуха я лъэпкъым щыщ Раисэрэ Щоджэнц1ыкІу Алий и ц1эр зезыхьэ фондым и унафэщІ Щоджэнц1ыкІу Леонидрэ щ1ыхь, фІыщ1э тхылъхэр, фэеплъ медал-хэр тыгъэ хуащ1ащ адыгэ классикым и фэеплъыр хъуменым хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщ1хэм. Апхуэдэхэщ РСФСР-м гъуазджэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ, режиссёр Теувэж Сулът1ан, профессор, КъБР-ми КъШР-ми щ1эныгъэмк1э щ1ыхь зи1э я лэжьак1уэ, Щ1ДАА-м и академик БакІуу Хъанджэрий, КъБР-м и «Росте-лекомм»-м коммерцэмк1э и къудамэм и Іэщ1агъэл1 Бажэ Дотий, КъБКъУ-м ягъэджак1уэхэм я щ1эныгъэм щ1ыхагъахьуэ и факультетым и декан Къэлыцисокъуэ Александр сымэ, нэгъэущ1хэри.

Дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм я фІыщ1э псалъэм къыдэк1уэу к1ыхагъэщащ Щоджэнц1ыкІу Алий нэхъыфІ дыдэу ял1агъу усак1уэхэм зэращ1щыр, лъэпкъым апхуэдэ къызэрык1ам зэ-рыригушхуэр, абы и фэеплъыр хъуменым дэтхэнэ зы адыгэми хуэзфІэк1 хэлъхьэныгъэ хуищ1ын зэрыхуейр.

Къэущ1ысокъуэ Александр игу къи-гъэк1ыжащ Алий Къ1ульхъужьи къуажэ школым щ1ащ1ылэжьам я унагъуэм зэрыщ1ыпсэуар, и адэмэ абыр зэныбжьэгъуу, я Іыхьлыхэм прамыдзыхыу зэ-дэлъхуэзшыпхъуэм фІыуэ ял1агъуу зэрыщ1ытар, лъэпкъым и набдзэ усак1ыэшхуэм и тхыгъэхэм къызэрыщ1э-тэджар, тхак1уэр ноби зэращ1мы-гъупщэр.

Щоджэнц1ыкІу Алий и ц1эр зезыхьэ музейм и унафэщІ Щак1уэ Марьянэ к1эщІу к1ыт1еувы1ащ тхак1уэм и Іэдакъэщ1эк1эм гупсысэ куу з3ращ1эльымрэ ахэр щитха з3маным къэхъуа Іэхуг1уэхэр нэгъэсауэ къызэрызэщ1иубыдэмрэ.

Зэхьхьэм кърихьэлІахэр Алий и усэ купщІафІэхэм къеджащ.

Выставкэр щ1ышылэм и 23 пщІондэ я гъэлъэгъуэнущ.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Унагъуэ хуэмыщ1ахэм ядо1эпыкъу

● Псапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм дыгъэгъазэм и к1эм щек1уэк1ащ куэдым я гу дыхьэ «Подиум Нальчик» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар къыз3рыгъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмк1э и управленэм.

ІУЭХУР кьыхэзылъхьахэм я мурадыр хуэунэт1ат щытык1э гугъу ихуа унагъуэхэм гуапагъэ, гущІэгъу, гулъытэ хуащ1у щ1эблэр къагъэхъуным.

Дизайнер ныбжьыщ1эхэм я Іэдакъэщ1эк1 фэиль хьэгъуэхэм я грандефилер щек1уэк1а «Акрополь» нэгузегъэужь Іэхуащ1апІэр зэхьхьэм хуагъэдэхат, илъэсищ1э мэзым хуэдэу я гъэщ1эращ1эри. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Щэрджэсымрэ я модельерхэу 9-м я лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ ц1ыху 30-м. Абы хэтащ модель ныбжьыщ1эхэр щрагъаджэ сабий школым (унафэщІыр Лъэщ1эж Розаннэщ1) и гъэсэнхэри. Зэраубзыхуам тету, балигъхэм я йяхэм къадэк1уэу сабийхэм я щыгъынхэри утыку кърахьащ. Ахэр и Іэдакъэ къыщ1эк1ащ модельер Жанкэзиевэ Марьянэ.

Зэхуэсым кърихьэлІахэм саугъэтхэмрэ зэрыдж3гу хъэпшыпхэмрэ хуэзэхуахьэщ1 унагъуэ хуэмыщ1ахэм къыхэк1а сабийхэм. Гъэлъэгъуэныгъэм хэтахэми тыгъэхэр къыздахьащ. Псори зи3эту саугъэт 200-м нэблагъэ з3хуахьэщ1.

Зэхьхьэр яг3адэхащ республикэм и уэрэдж1ык1уэхэу, артистхэу Хьыжрокъуэ Сулът1ан, Сэралъп Марьянэ, Мамбэт Мадинэ, Холамханов Къайсын сымэ.

БЖЫХЬЭЛІ Роззэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Еханэ къыдэк1ыгъуэр

«Іуащхьэмахуэ» журналым 2015 гъэм и еханэ къыдэк1ыгъуэр дунейм къытехьащ.

Ар къызэІуех Уэрэсей Афлик итха «Илъэсищ1э хъуэхъу» усэмк1э.

«ЖьантІэ» Іыхьэм традзащ КъБР-м и цІыхубэ тхак1уэ Елгъэр Кашиф и ныбжьыр илъэс 80 зэрыхъуам теухуа тхыгъэхэр - Елгъэрым папщІэ критикэмрэ тхак1уэхэмрэ жа1ам щыщ, абы и усэ гупрэ «Бжэнышэ» рассказымрэ.

Усак1уэ Къэжэр Пётр и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуад. «Щыгумащ1эм жа1эр мащ1эщ, щыгумащ1эм жа1эр пэжщ» тхыгъэм Бицу Анатолэ щ1ызэпкърех Къэжэрым и Іэдакъэщ1эк1эр. Журналым тридзащ Къэжэрым и усэхэм ящыщ.

Къэрэшей-Щэрджэсым щыщ тхак1уэ Къантемыр Тырку бий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуари журналым къыдегъащІэ. «Псэхугъуэ зымыщІэ» тхыгъэм тхак1уэ Адзын Мухьэмэд щытопсэлъыхь Къантемырым и гъащІэмрэ гуащІэмрэ. Адэк1э тетщ Къантемырым хужа1эхэм щыщ пычыгъуэхэр, «Купизар мэІэзэр», «Помидорышэ сызэрык1уар» зыфІища и рассказхэр.

«Прозэ» Іыхьэм традзащ «Псыжь адрыщ1 щыщ хъыджэбз» тхыгъэр. Мыр Мэзкуу дэт университетым и тхылъ тедзапІэм 1836 гъэм щытрадзауэ щытащ, зытхам и ц1э-унэц1эм и п1эк1э, «Кавказым щыпсэу ц1ыхум зэхихьха роман» жи1эу щ1эту. Тхыдэдж Тыгъуэн Рэшад зэрыхуигъэфащ1мк1э, ар зи Іэдакъэ къыщ1эк1ар а лъэхъэнэм псэуа щ1эныгъэл1, узэщ1ак1уэ Къуэдзокъуэ Лэкъуэмэщ. Тхыгъэр адыгэбзэк1э зэридзэк1ащ Мыз Ахьмэд.

«Усыгъэ» Іыхьэм традзащ Хьэту Пётр и усэхэр.

«Публицистик» Іыхьэм хагъэува «Щам и бжьыхь» тхыгъэм Бещтокъуэ Хьэбас щытопсэлъыхь адыгэ усак1уэхэм я Іэдакъэщ1эк1эр нэгъэущ1ыбзэк1э зэдзэк1ыным, подстрочник щ1ыным хэль гугъуехьхэмрэ ныкъусаныгъэхэмрэ ик1и ар езым и усэхэр зэрызэрадзэк1а щапхъэхэмк1э щ1егъэбыдэ.

«Іуащхьэмахуэм» и къыдэк1ыгъуэм тетщ журналист Уэрыш Нурхьэлий и гукъэк1ыж тхыгъэхэм ящыщу «Си къуажэгъуэр» жьыхуІэр.

«Культурэ» Іыхьэм фы-хьыщ1ыдж3нщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыхь зи1э и артистк1э Хьэмыкъу Жанна теухуауэ Хьэвжокъуэ Людмилэ итха «Сценэм къыхуигъэщ1а» тхыгъэм.

«Щ1эблэ» Іыхьэм традзащ тхак1уэ ныбжьыщ1эхэм я Іэдакъэщ1эк1эр: Гъук1экъуп Иринэ и «Мы гъэм мэрак1уэр мышущ», Тажджэ Замир и «Удзыфэу ла тыкуэн ц1ыкІу», НафІэдз Мухьэмэд и «Гум и фэбжь» рассказхэр.

Адэк1э фы-къыщ1ыдж3нщ «Къебларэ, Ильэсищ1э!» псалъащхьэм щ1эту традзахэм.

АБЗУАН Пщ1ымахуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ымахуэ чемпионатым

● Футбол

Футболым дихьэххэм щ1ымахуэми загъэпсэхуакъым. Хабзэ зэрыхъуауэ, ахэр зэхьэзэхуэ зэмыл1эужьыгъуэхэм к1эл3оплъ. Апхуэдэхэм ящ1щ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ымахуэ чемпионатыр. Гъэмахуэм къызэрагъэпэщ1ым ельытауэ, абы хэтхэр зыкъомк1э зэтехуэрхьым, ауэ нэхъыщ1хьэр - зэныкъуэкъуныгъэ гуащ1эр - з3рыщ1ыту къонэж.

КОМАНДЭХЭР мазитІым нэблэгъауэ зонык1ыуэкъу. Пощ1эдзэ з3іущ1эхэр удэзыхьэх ящ1ащ премьерлигэм, ял3, ет1уанэ дивизионхэм щыдж3гу, ди щ1ы-пІэм къыщ1ыхьуа щ1ал3 зыбжанэм я зыгъэпсэуг-гъуэ з3маныр щал1хуа республикэм з3ры щ1агъэк1уам къыхэк1ыж, я3ынык1уэ гупхэр з3рагъэлъэщ1ам. Топджэгум дихьэхэм І3мал я3уэтащ Нэхущ Руслан, Джатэрыв3 Къазбэч, Бырхьэм Къантемыр, Щ1эуей Алихъан, Мырэз Резуан, Таранов Иван, Митришев Магомед, Абазэ Руслан, Болэ Руслан сымэ, нэгъуэщ1хэми я І3эгъэм к1эл1ыпл1ыну. «Спартак-Налшыкым» и футболистхэми зыкъагъэлъэгъуэну І3мал я1ащ. Иджы ахэр я командэхэм зыхьэжауэ къ1апэщ1ыт зэхьэзэхуэхэм зыхуагъэхьэзыр, арщ1ьэк1э з3ныкъуэкъуныгъэр нэхъ к1ащхъэ хъуахъым.

Адрей илъэсхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ымахуэ чемпионатым бжьыпэр щ1ауфыдащ1 налшыкдэсхэм - ахэращ иджыри къэс сыт щыгъуи дыщэ медалхэр зы1эрыхьар. Пощ1эдзэ джэгугъуэйми щытек1уауэ пашэныгъэр я1ыгъщ1 ди республикэм и къалащхьэм и л1ык1уэхэу «Звезда»-мрэ «Мурбек»-мрэ. Абы-хэм я к1эл1ыпІэ Налшык и «Союз»-р. КъБР-м и гъэмахуэ чемпион «Къэхъуныр» зэк1э епл1анэщ.

Гъуащхьаузхэм я зэпеуэм бжьыпэр щ1ыгъщ «Мурбек»-м и пашэ Къалмыкъ Амур. Абы къык1эльэк1уэ Бэрокъуэ Асльэнрэ («ГорИс-179 Кавказкабель») Щ1ащІэ Бесльэнрэ («Къэхъун»).

Щ1ыгъуазэ фыхуэзт1щ1ынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и щ1ымахуэ чемпионатым иужьу щ1ызэхэта джэгугъуэм кърик1уа бжьыгъэхэм: «Школа №31» (Налшык) - «ГорИс-179 Кавказкабель» (Прохладнэ) - 1:2, «Спартак-Школа №31-Д» (Налшык) - «Кэнжэ» (Кэнжэ) - 3:0, «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Автозапчасть» (Бахъсэн) - 1:1, «Къэхъун» (Къэхъун) - «Спортфак КъБКъУ» (Налшык) - 2:0, «Юг-Полимер» (Бахъсэн) - «Спартак-Налшык 1999» (Налшык) - 0:0, «Спартак» (Налшык) - «Велес» (Къэрэгъэш) - 0:1, «Звезда» (Налшык) - «Союз» (Налшык) - 3:0, «Мурбек» (Налшык) - «Шагъдий» (Зеикъуэ) - 1:0.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымк1э и щ1ымахуэ чемпионатыр зэрек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1. «Звезда»	8	8	0	0	20-3	24
2. «Мурбек»	8	8	0	0	19-4	24
3. «Союз»	8	6	1	1	14-10	19
4. «Къэхъун»	8	5	1	2	11-3	16
5. «Шагъдий»	8	5	0	3	14-10	15
6. «Автозапчасть»	8	4	1	3	17-11	13
7. «Кавказкабель»	8	4	0	4	15-14	12
8. «Школа №31»	8	4	0	4	15-11	12
9. «Спартак-Шк.№31-Д»	8	4	0	4	10-9	12
10. «Спартак-Налшык 1999»	8	2	2	4	8-8	8
11. «Юг-Полимер»	8	2	2	4	8-19	8
12. «Велес»	8	2	2	4	11-18	8
13. «Спортфак КъБКъУ»	8	1	1	6	11-20	4
14. «Спарта»	8	1	1	6	7-16	4
15. «Кэнжэ»	8	1	1	6	5-18	4
16. «ЛогоВАЗ»	8	0	2	6	8-19	2

Щоджэнц1ыкІу Алий и ц1эр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щ1ышылэм и 15-м:
Аппаев Билал «Унэидзыхьэ»
(комедие)
Щ1ыщ1идзэр сыхьэт 19-рщ.
Упщ1э зи1эхэр мы телефонымк1э фыпсалъэ хъунущ: 42-33-89

Сабий гъэсап1эхэм И1ъэсыщ1эр щагъэ1ъап1э

● Къеблагъэ, 2016!

Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт сабий гъэсап1эхэм И1ъэсыщ1э псейм гуфІэгъуэ зэхьхьэхэр щращ1эк1ащ.
Мы сурэтым щ1ывоЛъагъу Налшык къалэм и сабий гъэсап1э №40-м апхуэдэ зэхьхьэхэр нэгъэужьу, щ1эщ1ыгъуэу зэрыщек1уэк1ар. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащ1эмрэ я гъусэу сабийхэм уэрэдхэр жа1ащ, усэхэм къеджащ, къызэдэфащ, зэдзэджэгуащ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъБР-м Печатымрэ ц1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги-Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащ1э агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм, «КъБР-м и ц1ыхубэ хъыбарегъащ1э І3эхущ1ап1эхэм я лэжьыгъэр къыз3ыгъэпэщ1 комплекс центр» къэрал к1эзонэ І3эхущ1ап1эм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьак1уэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащ1э агентствэм» и журналист **Цагоев Игорь Александр и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Цагоев Александр Ислъам и къуэр** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

КъБР-м Печатымрэ ц1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги-Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащ1э агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм, «КъБР-м и ц1ыхубэ хъыбарегъащ1э І3эхущ1ап1эхэм я лэжьыгъэр къыз3ыгъэпэщ1 комплекс центр» къэрал к1эзонэ І3эхущ1ап1эм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьак1уэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къз3ыт телекомпание» къэрал к1эзонэ І3эхущ1ап1эм балъкъэрыбзэ программэхэмк1э и редактор **Ахкубеков Аслъэн Аслъэндэжрий и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Ахкубеков Керим Аслъэндэжрий и къуэр** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэк1эмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж3 Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ3.**

Е3ыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Къыдэзыгъэк1эмрэ редакцэмрэ я хэщ1ап1эр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ І3эхущ1ап1эмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щ1ихабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ І3эхущ1ап1эхэм я д3лэжьэныгъэмк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэм-к1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; Э3ВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер І3эхущ1ап1эм -42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1а1эта І3эхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я І3эху епл1ык1эр зэтехуэ зэпыту щытк1ым.
Газетыр І3 тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэл1ыц КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ І3эхущ1ап1эм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдок1.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Эллэ, редактору Жьэк1эмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ3 *(3, 4-нэ нап.)*. *Компьютерк1э газетым и тепл1эр ящ1ащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер І3натІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым І3 традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №9